

## Voye aplikasyon lekòl segondè ak lòt materyèl anplis pitit ou a avan delè 1 desanm lan!

Chè fanmi,

Nou vle fè w sonje pitit ou a ap antre nan lekòl segondè nan otòn 2024, delè pou voye aplikasyon lekòl segondè pitit ou a se **vandredi 1ye desanm 2023. 1ye desanm tou se dat limit** pou voye lòt materyèl anplis pou **evalyasyon ki fèt avèk egzamen** ak pwogram **odisyon** (si se ka a).

**Si w deja aplike ak voye lòt materyèl anplis yo, bravo—ou fini.** Ou vle fè chanjman nan aplikasyon w lan? Ou ka fè sa nenpòt lè avan delè **1ye desanm** lan.

### Si w poko aplike, n ap tann aplikasyon lekòl segondè w la!

- Sonje lè w voye aplikasyon pitit ou a se plis chans ou genyen pou w jwenn yon òf nan yon pwogram ou vle!
- Ajoute jiska 12 chwa pwogram nan aplikasyon pitit ou an nan lòd ou pi pito yo a, avèk premye chwa w la anlè kòm # 1.
- Ranpli nenpòt lòt kondisyon pou pwogram [odisyon](#) oswa pwogram [ki evalye dosye \(screened\)](#) avan 1 desanm.

### Gen twa fason pou aplike:

- **Sou entènèt nan [MySchools](#).** Opsyon sa a disponib 24 èdtan chak jou, sèt jou nan semèn lan. Ou ka aplike sou entènèt nan lang Arab, Bangla, Chinwa, Angle, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, oswa Oudou
- **Atravè konseye lekòl pitit ou a genyen kounye a.**
- **Nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#)**—w ap jwen orè yo ak adrès yo nan link la. Gen entèpretasyon disponib nan telefòn nan plis pase 200 lang.

### Ou gen kesyon?

- Pou jwenn plis enfòmasyon gade video machasuiv MySchools nan [schools.nyc.gov/HS](#)
- Èske w bezwen sipò avèk MySchools oswa avèk aplikasyon w lan, oswa lòt kesyon sou admisyon? Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa estaf nan yon [Sant byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv



**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). **Si w vle retire non w sou** lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).